PUPUH XL: MEGATRUH. (12u, 8i, 8u, 8i, 8o)

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
1.	**(h.270)** Langkung bungah kang tyas Mayor manahipun nulya kinen angaturi, mapan dhatěng Mas Pěngulu, lawan Kaji Badarodin, tan winarnan panggih sampun	Hati (dan) pikiran Mayor sangat bahagia. (Mayor) menyuruh memanggil Mas Pengulu beserta Haji Badarodin. Tidak dikisahkan. (Mayor) sudah bertemu
2.	Něnggih Kangjěng Sri Bupati, sampun pinajar sědarum Mayor langkung lěganeki, ingkang tyas sarya ngling alo-**(h.271)**-n	yaitu (dengan) sang Raja. Telah diberitahu semua (halnya). Mayor sangat lega hatinya, seraya berkata,
3.	Mas pěngulu mapan punika sědarum, něnggih ing satanah jawi, kagungan kang sinuhun, kanca kula mapan nanging, ngěmpek tilěm nědha kětos,	Mas Penghulu semuanya iya seluruh tanah jawa (adalah) milik Sinuhun. Teman saya memohon untuk tidur (dan) memakan ketan.
4.	Marma benjing yen tědhak ingkang sinuhun, sagung beteng mapan sami, sampun dhinawuhan iku, mungěl kang mariyěm iki, hurmat ping nyělawe mangko,	Maka dari itu jika Sinuhun datang melawat, semua benteng yang ada sudah diperintahkan (untuk) membunyikan meriam penghormatan (sebanyak) dua puluh lima kali,
5.	Lawan ědrel sanjata alit sadarum, marma kawula puniki, anglir katibanan daru, langkung dede wawěratneki, lurah kula khabaripun[1],	juga membunyikan senapan semuanya. Sebab para kawula bagaikan mendapat bintang keberuntungan, amat berbeda bobotnya. Kabarnya lurah kami
6.	Sampun dhatěng wingi sontěn lawan iku, něnggih rahaden dipati, saking magělang puniku, nulya mayor Bokus nuding, dhumatěng kapitanipun,	sudah datang kemarin sore bersama dengan (dia) yaitu Raden Adipati dari Magelang. Lalu Mayor Bokus menyuruh kepada kaptennya,
7.	Gěgancangan ngaturi mring kurnelipun, mring kědhung Maesa iki, mas pěngulu sampun mantuk, lawan kaji badarrodin, dhumatěng kějawan mangko,	(agar) bergegas meminta kepada kolonelnya menuju Kedung Maesa. Mas Penghulu sudah kembali bersama Haji Badarrudin sekarang menuju Kejawan.
8.	Mayor Bokus kengkenan ngaturi suguh, marang Raden Basah nuli, mapan langkung kathahipun, nging ingkang kineng-(**h.272**)-ken iki,	Mayor Bokus menyuruh agar disediakan suguhan untuk Raden Basah segera, amat banyak macamnya.

[1] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	kĕlentu wicantĕnipun,	Namun pesuruh ini keliru dalam berbicara,
9.	Pan mĕngkana anĕnggih wicantĕnipun, ingkang ingutus puniki, raden pan kula den utus, mring mayor nĕnggih maringi, rangsum mring sampeyan mangko,	Inilah yang menjadi pembicaraannya si pesuruh iyu, "Raden, saya yang diutus oleh mayor untuk memberikan makanan kepada anda"
10.	Raden Basah gandakusuma puniku, sarĕng mirsa tĕmbungneki, mring mayor kengkenanipun, pan langkung bramatyaneki, eh tutura marang mayor,	Raden Basah Gandakusuma setelah mendengar perkataan si suruhan mayor menjadi amat marah, "Eh katakan pada mayor
11.	Mapan ingsun idi dudu batureku, dene nganggo den paringi, kĕlawan rinangsum iku, mapan ora kurang mami, wus gawanĕn bali mangko,	aku tidak sudi, (dia) bukan temanku jadi jika diberi apalagi makanan aku tidak akan kekurangan. Sudah, segeralah bawa kembali segera
12.	Tuturĕna mring mayor mĕngkana ingsun, mapan datan aptĕ mami, kang kengkenan nulya wangsul, mĕngkono pan lajĕng warti, wau dhatĕng mayoripun[2],	katakanlah hal ini kepada mayor, aku tidak akan sudi." Si pesuruh segera kembali. Demikian lalu kabar tadi disampaikan pada sang mayor
13.	Saneskara mayor lajĕng srĕngĕn iku, dhumatĕng kengkenaneki, bĕnĕr Raden Basah iku, ujarira ingkang sisip, yen sira katĕkan iku[3],	semuanya. Mayor lalu menjadi marah kepada pesuruhnya. "Benar juga Raden Basah itu". Ucapnya kemudian, "Jika kamu menyebabkan hal itu
14.	Kaya paraning mĕngko patĕmbungamu, kang kinongkon saur(**h.273**)neki, pan inggih nyaosi suguh, mayor mĕngkana sĕbdaki, dadya na iku ya mĕngkono,	seperti apa perkataanmu tadi?" jawaban si pesuruh, "Hanya menghaturkan suguhan" Demikian sabda sang mayor, "Jadi begitu ya,
15.	Ingsun mapan lan Raden Basah tuhu, pĕsthi gĕdhe basahneki, basah kurnel timbang iku, lawan maning ingsun iki, dadi wong desa samangko,	aku dan Raden Basah sungguh sudah pasti lebih berkuasa basah. Basah dan kolonel itu sejajar, dibandingkan dengan aku yang seperti orang desa.
16.	Wus ta sira baliya matur iku[4], lamun ingsun angaturi suguh mring den basah iku, nulya wangsul matur iki,	Sudah, kamu kembali. Katakan saja kalau aku yang memberikan suguhan kepada basah". Lalu kembali dan mengatakan hal itu,

[2] Seharusnya berakhiran -o
[3] Seharusnya berakhiran -o
[4] Kurang satu suku kata

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	mapan měngkana turipun[5],	demikian tadi perkataannya.
17.	Nging den basah mapan měksih ajrih iku, sabab dereng dipunwěling, kělamun wontěn sěsuguh, iku kinena nampeni, mas pangulu ingkang nanggung,	Namun Raden Basah masih (merasa) khawatir sebab belum diberitahu apabila ada suguhan disuruhnya menerima Mas Penghulu yang akan menanggung
18.	Lawan dolah badarrodin mapan iku, yen dadya duka nrěpati, měngkana wus tan cinatur, kawarna sri bupati, mapan nimbali mring iku[6],	bersama Dulah Badarrudin jika menjadi penyebab kemarahan Paduka Raja. Begitulah tidak diceritakan lagi. Menceritakan Paduka Raja memanggil kepada
19.	Raden Basah Měrtanagara dinangu, wau dhumatěng kang rayi, basah gandakusumeku, pěpakira kang prajurit, měnawa wus ana lapur,	Raden Basah Mertanegara (yang) dinanti bersama dengan adiknya Basah Gandakusuma. Lengkapnya (jumlah) prajurit apabila sudah ada laporan
20.	Basah Měrtanagara mangkya turipun, pan sampun lapuran adhi, prakawis prajuritipun, (**h.274**) pan sampun pěpak pun adhi, tuměnggung panji prangeku[7]	Basah Mertanegara akan mengatakan bahwa sudah mendapat laporan dari adinda tentang prajuritnya jika sudah lengkap. Adinda tumenggung panji. Peperangan itu
21.	Mapan kenděl ngabehi prapta sědarum, nanging kang jajar prajurit, mapan kathah kirangipun, pan dugi prapta sěpalih, sang nata ngandika alon,	terhenti. Ngabehi (sudah) datang semua namun prajurit jajar banyak kekurangannya yang datang masih separuh. Paduka Raja berkata pelan
22.	Pira kehe pěpake prajurit iku, iya adhenira iki, Raden Basah aturipun, sewu sagung kang pra dipati, pun adhi pan gangsal atus,	“Berapakah jumlah keseluruhan pasukan ? (menurut) adindamu ini.” Raden Basah menjawab, “(pasukan) Para adipati semua (ada) seribu (sedangkan) adinda saya lima ratus
23.	Ingkang dipuncěpěng pribadi puniku, kalawan lapuran adhi, yen měntas tampi puniku, sěgahipun mayor nanging, pan adhi pan sangět něpsu,	(itu) yang dipegang sendiri. selain itu laporan (dari) adinda (saya), jika baru saja menerima suguhan dari mayor. Namun adinda sangat marah.
24.	Sampun katur ingkang niskara sadarum, mesěm kajěng sri bupati, měngkana wus tan cinatur,	Sudah dikatakan semuanya, Paduka Raja tersenyum. Demikian tidak diceritakan lagi.

[5] Seharusnya berakhiran -o

[6] Seharusnya berakhiran -o

[7] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	kurnel Klerĕs winarni, lan raden dipati mangko,	Diceritakan Kolonel Clerens dan Raden Adipati juga.
25.	Sarĕng tampi nĕnggih mayor suratipun, kĕlangkung bungah tyasneki, mapan lajĕng mangkat iku, saking kĕdhung Maesaki, den dipati datan kantun,	Setelah mayor menerima surat, hatinya menjadi amat senang lalu berangkat dari Kedhung Maesa, Raden Adipati tidak ketinggalan.
26.	Lawan basah ngabdul latip prapta sampun, ing panjĕr nulya ngaturi, wau dhatĕng mas pĕngulu, lawan kaji badarrodin, (**h.275**) ingirid dhumatĕng mayor,	Bersama Basah Abdul Latif sudah sampai di Panjer, lalu mengajak kepada Mas Penghulu dan Haji Badarrudin untuk menemui mayor.
27.	Tan winarna ing panjĕr mapan prapta sampun[8], mas pangulu sampun panggih, kalawan kurnel puniku, kurnel langkung bungahneki, mĕngkana nulya ngling alon,	Tidak diceritakan ketibaan di Panjer. Mas Penghulu sudah bertemu dengan kolonel. Kolonel sangat senang lalu berkata pelan,
28.	Mas pangulu kaji badarrodin iku, punapa karsa nrĕpati, manah kawula pan langkung, sarĕng prapta sĕratneki, mayor mapan alit gunung[9],	“Mas Penghulu (dan) Haji Badarrudin, apakah kehendak Paduka Raja? hati saya sangat (senang) bersamaan datangnya surat itu dari mayor yang bagai gunung kecil.
29.	Dadya ical pan sayah kula sĕdarum, sawĕg prapta kula niki, pan saking magĕlang iku, angiridan dipati, kĕpanggih lan jendral mangko	Hilang semua rasa lelah saya. Saya baru saja datang dari Magelang, mendampingi adipati bertemu jenderal,
30.	Lajĕng mangkat mariki tan ngantos tuhu, aso mas pangulu angling, kurnel kawula ingutus, dhatĕng kangjĕng sri bupati, maringakĕn tabe katong,	lalu menuju kemari.” Sungguh tidak sampai (lama), (sembari) beristirahat, Mas Penghulu berkata, “Kolonel, saya diutus oleh Paduka Raja menyampaikan Salam (dari) Paduka Raja.
31.	Mapan sampun dhinawuhakĕn sadarum, barang kang dadya karsa ji wus muni ing ngajĕng iku, sagung ingkang niskareki, anglir dhawuhna mring mayor,	Sudah dikatakan semua hal yang menjadi keinginan Paduka Raja, sudah dikatakan di depan segala sesuatunya. Seperti memberi perintah pada sang mayor.”

[8] Lebih satu suku kata
[9] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
32.	Kurnel mapan langkung bungah manahipun, pan aris denya nauri, mapan dika sidarum, punapa karsa nrěpati, sampun anyagahi ingong,	Kolonel hatinya sangat senang (dengan) lembut olehnya menjawab, “Anda semuanya apakah keinginan Paduka Raja? saya akan menyanggupi.
33.	Nadyan si(**h.276**)lih wontěna sadasa ewu, kawula ingkang nyagahi, ingon abdi dalěm sagung, prajurit pangrěmbe sami, riwus sinamur paguyon,	Walau berganti sampai sepuluh ribu kali saya yang akan menyanggupi memelihara semua abdi dalem, prajurit, dan bangsawan semua” Setelahnya diselingi candaan.
34.	Mas pangulu kawula yun tanya tuhu, andika ingutus iki, lah pundi prětandhanipun, kang sěrat sri narapati, mas pangulu aněbda lon,	“Mas Penghulu, saya sangat ingin bertanya. Anda diutus (saat ini) Lha mana bukti surat dari Paduka Raja?” Mas Penghulu berkata pelan
35.	Mapan botěn pinaring sěrat puniku, kurnel měngkana sěbdaki, mas pěngulu dika luput, lěrěsa dipundhadheli, paran den dipati mangko,	“Saya tidak diberi surat semacam itu” Demikian perkataan kolonel, “Mas Penghulu, anda Salah benarkah *dipundhadheli* bagaimana Raden Adipati nanti.
36.	Napa lěrěs napa boten lir puniku, sabab utusan něrpati, botěn běkta sěrat iku, den dipati anauri, mapan lěrěs kurnel yěktos,	Entah benar atau tidak seperti itu sebab utusan raja tidak membawa surat.” Raden Adipati menjawab, “Benar sekali kolonel.”
37.	Mayor Bokus měngkana nulya sumambung, sanadyan raden dipati, pan iku pan melu milusut, sěratipun kurnel katri, lan jendral mapan katur[10],	Kemudian Mayor Bokus menyambung, “Walau Raden Adipati juga turut Salah, ketiga surat (untuk) kolonel dan jenderal diserahkan.
38.	Dadya pirang- pirang seratan del iku, wontěn rahaden dipati, mangke neng pundi sadarum, den di(**h.277**)pati anauri, pan kula kengkenan pados,	Akhirnya beberapa surat ada pada Raden Adipati. Saat ini ada di mana semuanya?” Raden Adipati menjawab “Sudah saya suruh mencari,
39.	Ngaturakěn sagung kang sěrat puniku, kangjěng sinuhun tan panggih, sakniki ical sědarum, lawan ingkang běkta iki, gih mayor ingkang běburu[11],	agar menyerahkan semua surat (dari) Kanjeng Sinuhun, namun tidak ketemu dan sekarang hilang semuanya bersama dengan yang membawa,

[10] Seharusnya berakhiran -o
[11] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
		iya si mayor yang mencari.
40.	Tambuh mati urip kula datan wěruh, tan prapta ngantos sapriki, ingkang kang gawa puniku, kurnel malih anambungi, kados pundi mas pěngulu[12],	Entah (sudah) mati (atau) hidup saya tidak tahu, tidak datang hingga saat ini dia yang membawa (surat) itu." (lalu) Kolonel menyambung (percakapan) kembali, "Bagaimana Mas Penghulu
41.	Lamun kangjěng sultan tan tumuntěn tulung, pan kanca kula sakniki, mapan bangět denya bingung, sabab kathah ingkang sami, něnggih anduweni kayun[13],	kalau Kanjeng Sultan tidak segera menolong teman saya saat ini ?" Dirinya amat bingung sebab banyak yang memiliki kepentingan
42.	Mring něgara jawa iki mas pěngulu, yen kangjěng sultan pribadi, pan inggih mangsana purun, ing Sala Yogja puniki, sabab kang santana sagung[14],	dengan Negara jawa ini. Mas Penghulu jika Kanjeng Sultan pribadi mungkin tidak ada yang mau di Sala dan Yogya ini, sebab semua bangsawan
43.	Lawan buron wana mapan tumut nimbrung, Salaminya sri bupati, měsanggrahan ardi iku, beteng kang cělak wanadri, mapan asring gegeripun[15],	juga (hewan) buruan di hutan ikut menyerang. Selama Paduka Raja bertempat tinggal di gunung (di) benteng yang dekat hutan sering kali (ada) kegaduhan.
44.	Sima lawan sawěr kang ngrusuhi iku, saradhadhu kathah iki, biněkta mring macan tuhu, pan lawan sěnjataneki, biněkta lawan kang ka(**h.278**)ntun[16],	Singa dan ular menyerang banyak prajurit, (jasadnya) benar-benar dibawa oleh macan, dan juga senjatanya yang tertinggal dibawa.
45.	Yen linuru bathangira pan katěmu, nging bědhilnya tan kěpanggih, marma giris kanca sagung, myang kang desa desa sami, ing mangke pan kathah suwung[17],	Jika dicari jasadnya ketemu namun senapannya tidak dijumpai. Maka menjadi takut semua teman (=prajurit) menuju ke desa-desa, dimana banyak (desa) yang (sudah) kosong.
46.	Ingkang cělak beteng angladosi iku, mring beteng tinědha sami, sawěr lawan sima iku, lamun dalu praptaneki,	Yang berjaga di dekat benteng dengan (yang di dalam) benteng dimakan semua (oleh) ular dan singa.

[12] Seharusnya berakhiran -o
[13] Seharusnya berakhiran -o
[14] Seharusnya berakhiran -o
[15] Seharusnya berakhiran -o
[16] Seharusnya berakhiran -o
[17] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	lawan pitik iwen sagung[18]	(hanya) Ketika malam hari datangnya bersama dengan ayam (dan) semua unggas.
47.	Lamun siyang mapan tan wontĕn kadulu, marma sagung susah sami, kados pundi mas pĕngulu, punapa sri narapati, tan ngowĕl abdi sĕdarum,	Jika siang hari tidak ada yang terlihat maka (sangat) menyusahkan semua. Bagaimana Mas Penghulu apakah Paduka Raja tidak meratapi semua abdinya?
48.	Mring risake punika di dalĕm sagung, sĕdaya ing tanah jawi, nging kawula mas pĕngulu, pan dereng narima yĕkti, mring laku dika puniku,	dengan carut marutnya semua abdi dalem semua di tanah Jawa. Namun saya, Mas Penghulu, belum menerima bukti terhadap tindakan anda itu.
49.	Kudu nuhun pratandha dalĕm satuhu, dĕrapon den andĕl yĕkti, mring kanca kula sĕdarum, lan kawula angaturi, dhumatĕng kangjĕng sang katong,	(saya) Harus meminta pertanda dari Paduka Raja agar benar-benar dipercaya oleh semua teman saya, dan saya menghaturkan kepada Paduka Raja
50.	Mas pĕngulu pan nanging sawontĕnipun, saking lĕga kang tyas yĕkti, mapan warni-warni iku, lan arta punika kĕdhik, ngaturi pan jajanipun[19],	(lewat) Mas Penghulu namun seadanya. Sebab sungguh lega hati (saya) bermacam-macam (barang) ini dan sedikit uang (juga) memberikan upah
51.	Abdi dalĕm punakawan mapan sagung, sampun mas pĕngulu yĕkti, kawula pan gadhah nuhun, pratandha dalĕm pribadi, amrih den andĕl sayĕktos,	(untuk) semua abdi dalem punakawan. Memang benar Mas Penghulu, saya memiliki keinginan pertanda pribadi dari Paduka Raja agar benar-benar (timbul) kepercayaan
52.	(**h.279**)Dhatĕng bangsa kawula mapan satuhu, mas pangulu anulya mit, mapan lawan khaji iku, badarrodin tan winarni, margi sampang prapta sampun[20],	dari bangsa saya tentu." Mas Penghulu segera pamit bersama Haji Badarrudin. Tidak diceritakan sebab sudah berada di Sampang.
53.	Panggih lawan Raden Basah mas pangulu, lawan kaji badarrodin, gya ing ngirid mas pangulu, sowan dhumatĕng nrĕpati, mring Raden Basah puniku[21],	Bertemu dengan Raden Basah, Mas Penghulu dan Haji Badarrudin. Mas Penghulu segera mengajak (untuk) menghadap kepada Paduka Raja pada Raden Basah.

18 Seharusnya berakhiran -o
19 Seharusnya berakhiran -o
20 Seharusnya berakhiran -o
21 Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
54.	Kaji badarrodin mapan datan kantun, katri wus prapta ngarsa ji, mas pangulu nulya matur, sagung kang niskara sami, kurnel Klerěs aturipun[22],	Haji Badarrudin tidak tertinggal, ketiganya sudah berada di hadapan Paduka Raja, Mas Penghulu lalu mengatakan seluruhnya perkataan Kolonel Clerens
55.	Kang niskara wus mungěl ngajěng sadarum, kenděl dangu sri bupati, rumaos yen tiwas tuhu, sabab kang tyas těka gampil, anuruti mas pangulu[23],	Sudah disebutkan di depan seluruhnya. Paduka Raja terdiam lama, merasa bahwa (ada) kemalangan (yang) nyata sebab hatinya begitu mudah menuruti Mas Penghulu,
56.	Mapan lawan kyai mlangi puniku, tiga kaji badarrodin, sang nata mapan kělangkung, kewran ing tyas awět mangsuli, sabda kang sampun kawiyos,	juga Kyai Mlangi, yang ketiga Haji Badarrudin. Paduka Raja sudah terlanjur malu di dalam hati, enggan menjawab perkataan yang telah terucap.
57.	Da(**h.280**)dya němah sang nata nging sědya iku, abela kalih prěkawis, kang sabil kalih kang kantun, mapan sědya den balani, lan nrěrah těkdir yang manon,	Jadilah Paduka Raja bersedia melakukan pembelaan (pada) dua perkara yang syahid dan yang tertinggal sanggup mendampingi dan berserah pada takdir Tuhan.
58.	Emut jangji dhumatěng dundumanipun, manungsa neng dunya iki, wus pinasthi lohilmahpul, lamun tan kěna sumingkir, lara wirang pati mangko,	Teringat janji atas pembagian (kepada) manusia di dunia ini sudah dipastikan (takdirnya di-) *lauhul mahfudz* tidak akan bisa memungkiri sakit, aib, dan kematian.
59.	Kangjěng sultan wěkasan ngandika iku, heh paran pěngulu iki, lan badarrodin sireku, prakara panuhuneki, layang kurnel marang ingong,	Kanjeng Sultan akhirnya berkata "Hei bagaimana penghulu dan Badarrudin engkau ini, perkara permohonan surat kolonel padaku
60.	Apa patut lamun sun turuti iku, kalih samya aturneki, pan langkung prayoginipun, dene cacat dhatěnge ngelmi, pan amba kang nanggěl katong, (pdf h.147)	apa pantas jika aku mengabulkannya?" keduanya menjawab, "Sebaiknya demikian walau tidak pantas, hamba yang (akan) menanggung, Paduka."

[22] Seharusnya berakhiran -o
[23] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
61.	Sabab amba lan pun paman kaji tuhu, tan wontěn kang dados aji, suměIang mring kurnel tuhu, sěbarang paturaneki, pan nanging baras kimawon,	Sebab hamba dan paman haji (berpendapat) tidak ada (hal) yang menjadikan Paduka ragu-ragu pada kolonel. Semua perkataan dia hanya sederhana saja.
62.	Marma kang tyas pan langkung pitajěngipun, nulya sang nata nuruti, pan sampun pinaring iku, ingkang pratandha nrěpati, mas pangulu (**h.281**) kinon wangsul[24],	Maka hatinya (menjadi) sangat percaya lalu Paduka Raja berkenan. Setelah diberikan pertanda dari Paduka Raja, Mas Penghulu disuruh (untuk) kembali
63.	Panggih malih lawan kurnel Klerěs iku, badarrodin datan kari, lan běkta pratandha iku, tan winarna marga panggih, kurnel lawan mas pěngulu[25],	bertemu dengan Kolonel Clerens lagi. badarrudin tidak tertinggal dan membawa pertanda tersebut tidak diceritakan jalannya pertemuan. Kolonel dan Mas Penghulu
64.	Mapan nuju samya pěpěkan sadarum, mayor lan kělana sami, kurnel langkung sukanipun, sarěng mas pěngulu prapti, sarta běkta surat katong,	kebetulan sudah lengkap semuanya, (ada) mayor dan *kelana* juga. Kolonel (merasa) sangat antusias setelah Mas Penghulu datang serta membawa surat (dari) Paduka Raja.
65.	Pan sadaya samya ngaděg hurmat iku, sadangunya maos tulis, sagung ingkang agung agung, měngkana parentah aji, heh Kurnel Klerěs sireku[26],	Semuanya berdiri memberi hormat selama pembacaan surat (termasuk) yang berpangkat tinggi. Demikian perintah Paduka Raja, “Wahai anda Kolonel Clerens
66.	Lawan Mayor Bokus riwus tabeningsun, karo marang ing sireki, sira angaturi iku, bě由hama lan jendral iki, iya sun turuti mangko,	dan juga Mayor Bokus, Salam hormat saya kepada anda berdua. Anda menghendaki (saya) untuk berunding dengan jenderal. Tentu akan saya kabulkan nanti
67.	Nanging kurnel ingsun mapan aměmundhut, gawekna pěsanggrahan ning, ing rema kamal ta ingsun, lawan ing kějawan iki, bělu ing kali rěceku[27],	Namun kolonel, saya meminta (anda) membuatkan pesanggrahan di Rema Kamal untuk saya, juga di Kejawan ini (dan) parit di sungai Rece tersebut.
68.	Besuk lamun rawuh kali rěce ingsun, abdiningsun basah iki,	Kelak jika saya ke sungai Rece, abdi saya basah

[24] Seharusnya berakhiran -o
[25] Seharusnya berakhiran -o
[26] Seharusnya berakhiran -o
[27] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	ing mĕntaram loro iku, lawan saprajuritneki, kabeh (**h.282**) mĕthuka maringong,	yang ada dua di Mataram bersama prajuritnya semua, jemputlah saya
69.	Lawan jendral dhe kok kono apan iku, iya mapaga mring mami, patĕmon kali rĕceku, wus tita karsa nrĕpati, kurnel langkung sukaningsun[28],	juga Jenderal De Kock di situ iya jemputlah saya." untuk bertemu di sungai Rece itu. Paduka Raja telah mengatakan keinginannya kolonel menjadi amat senang
70.	Lawan mayor myang sagung kĕlana iku, nulya samya tata linggih, kurnel atĕtakon iku, mas pĕngulu kados pundi, pan kawula datan ngrĕtos,	dan para mayor juga semua *kelana* itu lalu semuanya duduk. Kolonel bertanya, "Mas Penghulu bagaimana, saya tidak mengerti
71.	Dene ingkang pratandha kangjĕng sinuhun, wontĕn satĕngahing tulis, pan tan wontĕn adatipun, kula dereng ninga yĕkti, kados pundi artosipun[29],	(apa) yang menjadi pertanda dari Sinuhun yang ada di dalam surat, tidak seperti biasanya. Sungguh saya belum mengerti seperti apa maksudnya."
72.	Mas pĕngulu mĕngkana wangsulanipun, tan uninga karsa aji, kurnel nulya karya iku, kang srĕrat katur nrĕpati, sĕbarang karsa sang katong,	Mas Penghulu menjawab, "(Jika) tidak mengerti kehendak Paduka Raja, (lebih baik) Kolonel segera menulis surat pada Paduka Raja. (untuk mengetahui) apa yang menjadi keinginan raja."
73.	Kurnel Klerĕs mapan anyagahi sampun, mas pangulu sampun pamit, lawan badarrodin iku, tan winarna marga prapti, sampan wus katur sang katong,	Kolonel Clerens menyetujuinya. Mas Penghulu sudah pamit bersama Badaruddin. Tidak diceritakan perjalanannya, (diceritakan) sudah sampai di Sampan, (dan suratnya) telah diserahkan kepada Paduka Raja.
74.	Saneskara angandika kang sinuhun, ya wis kawruhanire(**h.283**)ki, Kurnel Klerĕs mapan ingsun, besuk Sĕnen tĕdhak mami, marang Roma Kamal mangko,	Sinuhun memberi jawaban, "Iya ketahuilah Kolonel Clerens, saya besok Senin akan berkunjung ke Rema Kamal. Kelak
75.	Kurnel mapan sun timbali kono iku, ing roma mĕthuka iki, aja dhinginan ingsun lawan den samĕkta iki, tundhan aja kurang mangko,	Kolonel akan saya panggil di sana, jemputlah di Rema Kamal jangan mendahului saya dan siapkan kuda tunggangan jangan sampai kurang."

[28] Seharusnya berakhiran -o
[29] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
76.	Mas pangulu sandika ingaturipun, gya lengser putusan iki, marang kurnel aparing wruh, sabarang karsa nrĕpati, kurnel langkung bungahipun[30],	Mas Penghulu menjawab, “Siap!.” (Ia) segera undur diri dari pertemuan ini menemui kolonel (untuk) memberitahukan apa saja keinginan Paduka Raja. Kolonel amat merasa senang
77.	Pan rumaos lamun kaprĕcaya iku, dhatĕng kangjĕng sri bupati, sabarang parentahipun, mas pangulu den saguhi, marang kurnel Klerĕs mangko,	(sebab) merasa jika dipercayai oleh Paduka Raja. Apa saja perintahnya Mas Penghulu disanggupi oleh Kolonel Clerens.
78.	Mapan lajĕng parentah kurnel puniku, mring mayor akarya iki, sĕsanggrahan roma iku, lan kĕjawan mapan sami, kinĕrig sarupaning wong,	Lalu perintah kolonel pada mayor, untuk membangun pesanggrahan di Rema dan Kejawan, semua semua orang dilibatkan.
79.	Langkung asri kenendha kĕdhaton sagung, roma kĕjawan sami[31], mawi gĕpura puniku, pasowan pinancak suji, neng jawining gapureku[32],	Sangat indah bagaikan istana semuanya, baik Rema maupun Kejawan. Dilengkapi gapura, balai pertemuan, dan pagar besi di luarnya gapura tersebut.
80.	Sapambĕdhil a(**h.284**)wĕtara tĕbihipun, pasanggrahan lawan iki, pasohan katarub agung, pancen palĕnggahan aji, ingurug wĕdhi sĕdarum[33],	Kira-kira sejauh satu tembakan jauhnya pesanggrahan ini, juga balai pertemuan dihiasi tarub agung dan memang singgasana Raja diberi timbunan pasir.
81.	Kang pasohan alit samya ngapit samya, yen tinon pan langkung asri, lawan datan karya lurung, mapan ngantos dugi margi, ing sampan rinadin sampun[34],	Balai pertemuan kecil semua mengapit jika dilihat amat sangat indah dan tidak (lupa) membuat jalan sampai menuju jalan besar di Sampan sudah diratakan
82.	Lawan samya ingurug wĕdhi puniku, toya padasan lan malih, jĕmbangan marapit iku, gapura lan pancak suji, punika mawi sĕdarum[35],	bersamaan ketika menimbun pasir tersebut, (dan) juga air dalam *padasan* terapit oleh tempayan, gapura, dan pagar besi. Semuanya (dihiasi) dengan
83.	Sĕkar mayang pan mayor pribadi iku, sĕdaya ingkang jĕnĕngi, karya pĕsanggrahan iku,	bunga mayang, mayor sendiri yang menunggui semuanya membuat pesanggrahan itu

[30] Seharusnya berakhiran -o
[31] Kurang satu suku kata
[32] Seharusnya berakhiran -o
[33] Seharusnya berakhiran -o
[34] Seharusnya berakhiran -o
[35] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	roma lan kějawan sami, měngkana wus samya dados,	Rema dan Kejawan, demikian sudah jadi semua.
84.	Kurnel lajěng tur uni mring mas pěngulu, lawan něrang wancineki, aněnggih paměthukipun, dhumatěng sri narapati, lan tantune dintěnipun[36],	Lalu kolonel memberitahukan pada Mas Penghulu dan menjelaskan (tentang) waktu, yaitu (waktu) penjemputan kepada Paduka Raja dan ketentuan harinya.
85.	Mas pangulu lajěng amangsuli iku, tamtu isnen tědhak aji, dhumatěng rema puniku, lawan kurnel kinen prapti, jam kalih wělas puniku[37],	Mas Penghulu lalu menjawab, "Hari senin Paduka Raja sudah pasti datang ke Rema ini dan kolonel dipersilakan datang pada jam dua belas.
86.	Sri nale(**h.285**)ndra pan dinugi rawuhipun, dinugi yen jam satunggil, měngkana wus tan winuwus, kawarnaha isnen prapti, mas pěngulu karsa katong,	Kedatangan Paduka Raja diperkirakan pada jam satu." Demikian sudah tidak diceritakan. Tersebutlah pada hari Senin Paduka Raja ingin Mas Penghulu
87.	Mapan lawan kaji badarrodin iku, pan samya kinen rumiyin, mring rema kamal puniku, měngkana sri narapati, saking sampang nulya bodhol,	dengan Haji Badarrudin disuruhnya lebih dulu pergi ke Rema Kamal. Demikian Paduka Raja dari Sampang lalu berangkat
88.	Datan těbih rahaden basah puniku, mětanagara lan aji, pan tansaha jageng kewuh, lawan ki muhamad pěkih, těnapi prajurit sagung[38]	Tidak jauh Raden Basah Mertanegara dan Paduka. Selalulah menjaga kesopanan dengan Ki Muhamad Fakih. Demikian pula semua prajurit
89.	Kawětara nanging kalih bělah iku, kang dherek sri narapati, tědhakira saking gunung, marma den basah tyasneki, pan měksih sědayeng kecoh,	Sekitar seratus lima puluh yang mengikuti Paduka Raja turun dari gunung. Maka Raden Basah hatinya masih dalam kekacauan.
90.	Mapan dereng den basah pitajěng tuhu, mring laknat barang turneki, mapan nanging mas pěngulu, lawan kaji badarrodin, kang sampun pitajěng yěktos,	Raden Basah belum percaya pada perkataan laknat, tapi Mas Penghulu dan Haji Badarrudin sudah sangat percaya.
91.	Raden Basah mětanaga puniku, karsanya sri narapati, mapan kinen ngampil iku,	Raden Basah Mertanegara atas kehendak Paduka Raja, disuruh (untuk) meminjam

[36] Seharusnya berakhiran -o
[37] Seharusnya berakhiran -o
[38] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	inggih kangjěng kiyai, bandayuda karsa (**h.286**) katong,	Kanjeng Kyai Bandayuda, demikian keinginan Paduka.
92.	Sabab lamun sělaya barang turipun, mas pangulu lawan kaji, pan lajěng rěrěmpon iku, marma den basah pinaring, pusaka cinothe ngayun[39],	Sebab kalau menyanggah segala perkataannya Mas Penghulu dan haji, lalu (akan) saling menyerang. maka Raden Basah diberi pusaka diselipkan di bagian depan.
93.	Kangjěng kyai bandayuda mapan iku, lawan ingkang samya ngampil, kang pusaka tiga iku, něnggih kyai amad pěkih, mapan lawan mas tuměnggung[40],	Kanjeng Kyai Bandayuda bersama dengan mereka yang membawa pusaka, tiga (orang) yaitu Kyai Ahmad Fakih dengan Mas Tumenggung
94.	Saněgara lan den dipayana iku, tan winarna aneng margi, ing roma kamal wus rawuh, nanging kurnel dereng prapti, mapan měksih enjing mangko,	Sanegara dan Raden Dipayana, tidak diceritakan selama di jalan. (Mereka) sudah tiba di Rema Kamal tapi kolonel belum datang (karena) masih pagi.
95.	Sawěg pukul sědasa wataranipun, rawuhira sri bupati, kurnel mapan sědyanipun, pan arsa ngělon-ěloni, ja kongsi kasěsa mangko,	Baru sekitar pukul sepuluh Paduka Raja datang. Kolonel bermaksud ingin memperlambat (langkah) jangan sampai tergesa-gesa.
96.	Mapan pukul sadasa kurnel puniku, angkatira saking kěmit, kalawan husar sadarum, sarěng wontěn margi myarsi, kurnel lamun jěng sang katong,	Pukul sepuluh kolonel berangkat dari Pos penjagaan bersama semua husar. Ketika dalam perjalanan, mendengarlah kolonel bahwa Paduka Raja
97.	Sampun rawuh pěsanggrahan rema iku, kurnel mapan langkung a(**h.287**)jrih, lajěng sasanděran iku, lawan sagung hussar sami, tan winarna prapta sampun[41],	sudah hadir di pesanggrahan Rema. Kolonel menjadi amat gelisah lalu memacu langkahnya, begitu juga dengan para husar. (Perjalanannya) tidak diceritakan dan (mereka) sudah sampai
98.	Pan ing rema lawan husarira sagung, kang pělangkir maksih kari, dadya kasěsa sadarum, kurnel mapan těksih těbih, wau denya mědhun iku[42]	di Rema bersama semua (prajurit) husarnya. (Sementara itu) plangkir masih di belakang sehingga tergesa-gesa semua (mengejar) kolonel (yang) masih jauh. Olehnya turun tadi
99.	Saking kuda neng jawi ning kapureku, lawan datan mawi topi,	dari kuda di bagian luar gapura dan tanpa memakai topi

[39] Seharusnya berakhiran -o
[40] Seharusnya berakhiran -o
[41] Seharusnya berakhiran -o
[42] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	panuju panas kělangkung, kang ngiringing den dipati, lawan ngabdul latip iku[43],	pada cuaca yang amat panas. Yang mendampingi ialah Raden Adipati bersama Abdul Latif
100.	Lan ajidan satunggal mapan kang tumurun, ajidan tenis nameki, wus cundhuk lan kang sinuhun, kurnel asmu langkung ajrih, tumungkul denira lunggoh,	dan satu ajudan yang turun, sang ajudan bernama Tenis. Setelah menyalami Sinuhun, kolonel nampak sangat gelisah menundukkan kepala ketika ia duduk
101.	Sri nalendra měngkono ngandika iku, heh kurnel dene kakari, sira iku lawan ingsun, kurnel matur esmu ajrih, mapan kawula sayěktos,	Paduka Raja berkata demikian, “Hei Kolonel, sementara tinggallah anda (disini) bersamaku” Kolonel menjawab terlihat takut, “Saya sungguh
102.	Nging parentahipun di dalěm puniku, mas pangulu lawan kaji, badarrodin pan satuhu, ingkang kawula lampahi, pan ing rema pukulipun[44],	hanya (mematuhi) perintahnya abdi dalem tersebut. Mas Penghulu dan Haji Badarrudin yang benar-benar saya jalankan di Rema. Pukul
103.	kalih wělas ka(**h.288**)wula kinen puniku, dhatěng měthuk Paduka ji, mapan sampun ngantos iku, krumihinan mring nrěpati, mapan pan duka sang katong,	dua belas saya disuruh untuk menjemput Paduka Raja (dan) jangan sampai didahului oleh Paduka (sebab) menimbulkan amarah (bagi) Paduka Raja.
104.	Jam satunggil dhawuhipun mas pangulu, rawuh dalěm wontěn ngriki, marma kawula sinuhun, pan sědya ngělon-ěloni, sampun ngantos kantun mangko,	jam satu perintahnya Mas Penghulu kedatangan Paduka di sini. Oleh sebab itu, Sinuhun, saya bermaksud memperlambat langkah (dan) jangan sampai nanti tertinggal
105.	Lan Paduka sarěng prapta margi tuhu, kawula miarsa warti, yen Paduka sampun rawuh, marma kasěsapu niki, mapan kathah ingkang kantun[45],	bersama Paduka. Ketika dalam perjalanan saya mendengar kabar bahwa Paduka sudah hadir maka kami sangat tergesa-gesa sehingga banyak yang tertinggal.
106.	Dados kirang kurmat kawula satuhu, dhumatěng sri narapati, nging nuhun puntěn den agung, sabab sing kasesaneki, mesěm ngandika sang katong,	Jadi saya sungguh kurang menghormati pada Paduka Raja (dan) memohon maaf sebesar-besarnya sebab sangat tergesa-gesa.” Tersenyum (lalu) Paduka Raja berkata,

[43] Seharusnya berakhiran -o
[44] Seharusnya berakhiran -o
[45] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
107.	Heh yu kurnel wus tan dadi apa iku, kurnel nulya matur aris, yen parĕng ingkang sinuhun, kawula badhe ngaturi, hurmat sang nata nĕbda lon,	“Hei Kolonel, sudah tidak apa-apa.” Segera kolonel menjawab pelan, “Jika diperkenankan, Paduka, saya ingin memberikan hormat.” Paduka Raja berkata pelan,
108.	Yawus ora ingsun tarima iku, sab sira durung iki, bisa nyĕmbadani iku, iya lawan karsa mami, kurnel mangkya matur alon,	“Sudahlah, aku tidak akan menerima itu, sebab anda belum dapat memenuhi apa yang menjadi keinginanku.” Kolonel menjawab pelan,
109.	(**h.289**) Mapan sampun kĕlajĕng beteng sĕdarum, inggih kawula prentahi, pasang mriyĕm sĕdarum, mapan ping nyĕlawe iki, lan drel sanjata lit sagung[46],	“Sudah terwujud semua benteng, juga saya perintahkan agar semua dipasangi meriam. (dibunyikan) dua puluh lima kali dan tembakan dari senapan.”
110.	Ora kurnel wis wurungna kabeh iku, lamun sira bisa iki, iya ngurmati marang sun, ping pitung puluh ya bĕcik, lawan punjul lima iku[47],	“Jangan kolonel, batalkan itu semua. Kalau kau bisa, ya menghormati diriku (berikan) sebanyak tujuh puluh kali boleh juga dan lebihkan lima kali.
111.	Pan mĕngkene iku kurnel artineku, pan ingsun kalifah nabi, neng tanah jawa kabeh sun, kangjĕng nabi iku yĕkti, sĕkabate pitung puluh[48],	Adapun artinya demikian, Kolonel. Aku ini (adalah) khalifa nabi di seluruh penjuru tanah jawa. Kanjeng nabi itu sungguh (memiliki) sahabat tujuh puluh
112.	Punjul papat lima kangjĕng nabi iku, marma padha sun hurmati, dadi mung nyawiji iku, dene ya ingsun pribadi, mapan wus tan kurang tuhu[49]	lebih empat (atau) lima. Kanjeng nabi sebab sangat saya hormati jadi sudah menyatu. Sementara aku sendiri sungguh sudah tidak kekurangan.
113.	Kurnel olehira angurmati ingsun, sajroning aprang iki, kurnel pitung taun, satus ewu kaya luwih, kurmatira marang ingong,	Kolonel, olehmu memberi hormat padaku selama peperangan ini, kolonel. (Selama) Tujuh tahun, lebih dari seratus ribu kali (anda) memberi hormat padaku
114.	Lawan kurnel marmane pratandhaningsun, iku sun prĕnah iki[50], neng tĕngah tulisan iku, sab iya kangjĕng nabi,	dan kolonel maka pertanda dariku aku pernah (memberi tanda) di dalam tulisan itu. Sebab benar kanjeng nabi

[46] Seharusnya berakhiran -o
[47] Seharusnya berakhiran -o
[48] Seharusnya berakhiran -o
[49] Seharusnya berakhiran -o
[50] Kurang satu suku kata

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	něgarane měngkah mangko,	negaranya di Mekah,
115.	(**h.290**) Měkah iku satěngahing jagad tuhu, marma yen sira tan apti, iya angurmati iku, mring kangjěng nabi ta iki, muhamad samya sun tan ayun[51],	Mekah itu berada di tengah jagat maka jika kamu tidak ingin memberikan penghormatan pada Kanjeng Nabi Muhammad, aku juga tidak akan (menghormatimu).
116.	Sabab ingsun mapan iki darma tuhu, kang duwe agama nabi, dadya kurnel kenděl dangu, wěkasan umatur aris, yen Paduka datan ayun[52],	Sebab sungguh aku berada dalam kebaikan yang dimiliki oleh agama nabi." Kolonel terdiam dan mendengar pada akhirnya bicara pelan, "Jika Paduka tidak ingin
117.	Inggih hurmat mariyěm yen parěngiku, mapan kawula ngaturi, hurmat sělompret lan tambur, sang nata mesěm něbda ris, kurnel prayoga iku[53],	penghormatan meriam, jika diizinkan hamba (akan) memberikan penghormatan (dengan) terompet dan tambur." Paduka Raja tersenyum dan berkata pelan, "Itu lebih baik, kolonel."
118.	Nulya kurnel parentah mring tenes iku, gya lumajěng andhawuhi, mring hussar pělangkir sagung, gya muběng pasohan sami, nulya kurnel matur alon,	Segeralah kolonel memerintahkan Tenis, untuk segera memberi perintah pada semua husar dan plangkir (untuk) segera mengitari balai pertemuan. Kolonel lalu berkata pelan,
119.	Kados pundi ing karsa ingkang sinuhun, punapa nyare ing ngriki, kangjěng sultan nulya dangu, mring basah martanagari, heh basah kějawan iku[54],	"Bagaimana keinginan (anda) Sinuhun, apakah (ingin) beristirahat di sini?" Kanjeng Sultan lalu bertanya pada Basah Mertanegara, "Hei Basah, Kejawan
120.	Sěka kene apa měksih adoh iku, Raden Basah matur aris, mapan lawan mas pěngulu, yen panduka tědhak sa(**h.291**)king, ngriki mapan bakda luhur[55],	apakah masih jauh dari sini ?" Raden Basah menjawab pelan bersama Mas Penghulu, "Jika Paduka berangkat dari sini setelah dhuhur,
121.	Kados botěn něnggih akir asaripun, dadya nata ngandika ris, heh kurnel pan ingsun banjur, měngko bakda luhur iki, lan sira apa wus saos,	sepertinya tidak sampai akhir ashar (sudah sampai)." Jadilah Paduka berkata lembut, "Hei kolonel, aku akan (berangkat) setelah dhuhur. dan apakah kamu sudah siap?"
122.	Tundhan kurnel mapan sampun turipun, nanging kawandasa iji,	"Kuda tunggangan sudah ada" ucapnya "Namun (hanya ada) empat puluh satu

[51] Seharusnya berakhiran -o
[52] Seharusnya berakhiran -o
[53] Seharusnya berakhiran -o
[54] Seharusnya berakhiran -o
[55] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	lan kawula bakta tuhu, titihan pan tiga bilih, Paduka karsa sang katong,	dan saya membawakan tiga sebagai tunggangan jika Paduka menginginkan.
123.	Pan katura kawula inggih puniku, kang saking mayor satunggil, mapan lajěng kinen mundhut, tiga wus prapta ngarsa ji, langkung suka tyas sang katong,	(Kuda) Pemberian saya (yang) itu dan yang dari mayor satu." Lalu disuruh mengambil, ketiganya sudah di hadapan Paduka, hati Paduka Raja menjadi amat senang.
124.	Tiga pisan kang kuda samya gěngipun, bagus inggil lira sami, nging satunggil ingkang dhawuk, mapan abrit ingkang kalih, sang nata ngandika alon,	Tiga kuda sama besarnya semuanya bagus (dan) tinggi tetapi satu yang *dhawuk* dan merah yang dua (lainnya). Paduka Raja berkata pelan,
125.	Heh ya kurnel pan ingsun tarima iku, pan kudaningsun pribadi, wus bangět sayah iku, nulya kurnel matur malih, pan punika ingkang dhawuk[56]	"Hei Kolonel, aku terima itu (sebab) kuda milikku pribadi sudah sangat kelelahan" Kolonel segera menjawab, "Itu yang *dhawuk*
126.	Něnggih mayor ingkang ngaturi puniku, kawula kang abrit kalih, mapan katura sadaru(**h.292**)m, lan sapa nganggeneki, ya kurnel tarima ingong,	mayor yang memberikan itu, saya (memberikan) yang dua merah." Diberikan semuanya dan siapa yang akan memakai? "Baik kolonel, aku terima."
127.	Kurnel malih umatur dhatěng sang prabu, kawula bilih marěngi, mapan rumiyin pukulun, sabab badhe hurmat baris, wontěng ing kěmit sang katong,	Kolonel berkata lagi pada Raja, "Apabila hamba diperbolehkan, hamba (kembali) lebih dahulu sebab akan ada penghormatan barisan di Pos penjagaan, Paduka."
128.	Sri nalendra ngandika prayoga iku, nging tenis tinggalěn iki, dimen kari ngarsaningsun, pan jaga utusan mami, kurnel aja kongsi rikuh[57],	Paduka Raja berkata, "Baiklah, tapi tinggalkan Tenis di sini supaya tinggal bersamaku dan menjaga utusanku. Kolonel (engkau) jangan khawatir."
129.	Kurnel mapan sangsaya bungah tyasipun, angraos den pitajěngi, lan tan walang ati sampun, kurnel pamit sing ngarsa ji, ajidan tinilar mangko,	Hati kolonel menjadi amat bahagia sebab merasa dipercaya dan sudah tidak merasa cemas. Kolonel pamit dari hadapan Raja dan ajudan ditinggal
130.	Mapan lawan husar sěkawan puniku, kurnel gya mangkat rumiyin,	bersama empat husar tersebut. Kolonel segera berangkat lebih dulu

[56] Seharusnya berakhiran -o
[57] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	lan husar pĕlangkir sagung, tan kantun raden dipati, lan basah dul latip iku[58],	dan semua husar plangkir tidak ketinggalan Raden Adipati dan Basah Abdul Latif
131.	Ĕnĕngĕna kurnel mapan prapta sampun, ing kĕmit kang winarni, sang nata ing rema iku, sarĕng bakda luhur nuli, sang nata sing rema bodhol,	Tidak diceritakan (perjalanannya), kolonel sudah sampai di Pos penjagaan. Adapun yang diceritakan Paduka Raja di Rema setelah ashar lalu Paduka Raja berangkat dari Rema.
132.	Pan ajidan tenis gya utusan iku, husar kang kinen ru(**h.293**)miyin, amaringi priksa iku, mring kurnel dhumatĕng kĕmit, lamun wus tĕdhak sang katong,	Ajudan Tenis segera (meminta) utusan husar disuruh lebih dahulu (untuk) memberitahukan pada kolonel yang berada di Pos penjagaan jika Paduka Raja sudah berangkat
133.	Saking rema kamal sawadya kuswaku, mĕngkana kurnel winarni, mapan langkung hurmatipun, mapan ing samargi-margi, tan kirang jalma lumaku[59],	dari Rema Kamal beserta seluruh pasukan. Demikian kolonel diceritakan, sangat dihormati di setiap jalan tidak kurang semua orang mengiringi.
134.	Sarĕng ngajĕngakĕn prapta kĕmit iku, satĕngah ĕjam watawis, mapan ingkang marga sagung, tinurut ing pancak suji, langkung asri lamun tinon,	Setelah mendekati Pos penjagaan, setengah jam kira-kira, semua jalan dihias dengan pagar besi amat indah jika dilihat
135.	Lawan mawi tinurut sĕkaran iku, myang gapura ngapit-apit, sĕkar mayangsri dinulu, srĕng wus cĕlak nĕrpati, mapan saking kĕmit iku[60] ,	dengan dihias bunga-bunga dan gapura kanan kiri (tampak) bunga mayangsari bertebaran. Setelah Paduka Raja sudah dekat dari pos penjagaan tersebut,
136.	Pan ajidan tenis gya nyandĕr rumuhun, ingkang munggeng ing ngarsa ji, pan Raden Basah puniku, lan sagung kapal lan sami, mĕngkana kurnel gya mĕthuk[61]	Ajudan Tenis segera menghampiri lebih dulu yang berada di depan Raja ialah Raden Basah dan semua kuda. Demikian kolonel segera menjemput
137.	Aneng lurung kĕlawan mayor puniku, myang sagung ingkang pra upsir, kang nindhihi baris sagung, husar kĕlawan pĕlangkir, pan nanging litnat kimawon,	di jalan bersama mayor bersama semua para perwira yang memimpin barisan semua, husar dan plangkir hanya (dipimpin) letnan saja

[58] Seharusnya berakhiran -o
[59] Seharusnya berakhiran -o

[60] Seharusnya berakhiran -o
[61] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
138.	Langkung rame salomprĕt kalawa(**h.294**)n tambur, nging kuciwa mriyĕmneki, ingkang datan mungĕl iku, mapan lawan sanjata lit, mĕngkana kangjĕng sang katong,	Sangat ramai terompet dan tambir tetapi kecewa sebab meriamnya tidak bisa berbunyi, dan juga senapan (tidak berbunyi). Demikian Paduka Raja
139.	Mĕksih manggung aneng saluhur kudeku, dene ingkang den titihi, sahosane kurnel iku, kurnel mayor mapan nuli, atur tabe mring sang katong,	masih berada di atas kudanya sementara yang ditunggangi pemberian dari kolonel. Kolonel dan mayor segera memberikan hormat pada Paduka Raja
140.	Lawan sagung ingkang pra hupsir sĕdarum, riwus kurnel matur aris, sang nata ngaturan iku, kendĕl sakĕdhap puniki, sabab saosan wus caos,	bersama seluruh perwira. Setelahnya kolonel berkata lembut “Paduka dipersilakan untuk beristirahat sejenak sebab suguhan sudah tersedia.”
141.	Sri nalendra aris angandika iku, wus kurnel tarima mami, sang nata anulya maju, mring kĕjawan karsa aji, kurnel langkung cuwanipun[62],	Paduka Raja berkata dengan lembut, “Sudah aku terima kolonel.” Paduka lalu melaju menuju Kejawan (sesuai) keinginannya. Kolonel sangat kecewa
142.	Sabab sampon saosan rakit sadarum, mĕngkana wus tan winarni, margi kang kĕjawan rawuh, ingkang dherek nanging tenis, lan husar sĕkawan iku[63],	Sebab sudah menyiapkan semua, demikian sudah tidak diceritakan. Karena (ketika) mendatangi Kejawan yang ikut hanya Tenis dan empat husar tersebut
143.	Raden Basah gandakusuma pan mĕthuk, aneng kĕjawan jajari, neng lurung prajurit sagung, sĕdaya mapan wus rakit, tan wo(**h.295**)ntĕn kuciwanipun[64],	Raden Basah Gandakusuma yang menjemput di Kejawan. Berbaris rapi di jalan semua prajurit, semuanya sudah siap tiada yang kecewa.
144.	Mapan lawas duk aneng ing kĕmit iku, ingkang niskara pan sami, mĕngkana wus tan cinatur, Raden Basah den timbali, didangu prajuritipun[65],	Sudah lama tatkala berada di penjagaan, semuanya sudah demikian tidak diceritakan. Raden Basah dipanggil (dan) ditanya tentang prajuritnya
145.	Dereng pĕpak sadaya prajuritipun, tĕksih kathah kirangneki, mapan sawĕg sangangatus,	Belum lengkap prajurit seluruhnya masih banyak kurangnya baru sembilan ratus.

[62] Seharusnya berakhiran -o
[63] Seharusnya berakhiran -o
[64] Seharusnya berakhiran -o
[65] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	mĕngkana wus tan winarni, dalu enjing winiraos,	Demikian tidak diceritakan lagi. Malam (hingga) pagi dikisahkan.
146.	Kurnel sohan kalawan mayor puniku, tĕnapi kapitaneki, kĕlana binĕkta iku, sadaya tan ana kari, samya tur tabe mring katong,	Kolonel berkunjung bersama mayor dan juga kapten, *kelana* turut diajak. Semua tiada yang tertinggal semua menghaturkan hormat pada Raja.
147.	Riwus tata lĕnggah kurnel nulya matur, kados pundi karsa ji, punapa inggih atamtu, pamundhut dalĕm dewa ji, karya pĕsanggrahan katong,	Setelah duduk, kolonel lalu berucap "Seperti apa keinginan Raja? apakah benar keinginan Paduka membuat pesanggrahan
148.	Lepen rĕca kangjĕng sultan ngandika rum, iya kurnel matur aris, lamun marĕngi sang prabu, bok sampun miyos dewa ji, mapan inggih tanah lĕdhok,	di sungai Reca?" Raja berkata lembut, "Iya." Kolonel berkata pelan, "Apabila dibolehkan, Paduka jangan melewati iya tanah ledhok
149.	Mapan sangĕt sinuhun ing susuhipun, sabab margi langkung alit, kalawan wona (**h.296**) sĕdarum, jurang ardi lawan malih, sampun datan wontĕn dhusun[66],	(sebab) Sinuhun akan sangat kesusahan karena jalannya amat kecil dan (dikelilingi) hutan semua, jurang dan gunung, ditambah lagi sudah tiada dusun.
150.	Inggih wontĕn satunggal kalih kang dhusun, mapan sampun suwung sami, datan wontĕn tiyangipun, tan wontĕn kulakan kedi, inggih pasanggrahan katong,	Memang masih ada satu dua dusun tetapi sudah kosong tidak ada penghuninya tidak ada yang membangun pesanggrahan Paduka.
151.	Saking ngriki ing lepen rĕca sinuhun, pitung dintĕn dumugi, dados langkung susahipun, sagung abdi dalĕm sami, lawan kang margi wanagung[67],	Dari sini menuju sungai reca, Sinuhun, tujuh hari perjalanan jadi amat susah semua abdi dalem ditambah jalan di hutan belantara
152.	Lamun kirang tĕdha sintĕn ingkang tulung, kalawan malih marĕngi, sinuhun kang jawah agung, dene yen trĕranga ugi, dadosa niba kĕmawon,	Jika kurang makan siapa yang akan menolong dan juga bersamaan dengan hujan besar, Sinuhun. Apabila sudah terang menyebabkan jatuh (karena licin).
153.	Mapan datan patos kasusahanipun, sabab lampah agĕng yĕkti,	Tidak begitu kesusahan sebab sungguh perjalanan (yang) besar.

[66] Seharusnya berakhiran -o
[67] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	kados pundi kang sinuhun, ewa sapunika inggih, yen sampun karsa sang katong,	Bagaimana Sinuhun walau saat ini, apabila sudah menjadi keinginan Paduka
154.	Pan sandika nanging kula kědah matur, měnggah kasusahanneki, sri nalendra nulya dangu, dhumatěng raden dipati, mring ature kurnel iku[68],	(saya) siap, tetapi saya harus mengatakan hal kesusahan ini.” Paduka Raja lalu bertanya pada Raden Adipati sehubungan perkataan kolonel tersebut.
155.	Aturira den di-(**h.297**)-pati lawan sagung, ingkang pra niyaka sami, inggih lěrěs aturipun, kurnel sampun tamtu ugi, lamun kathah susahipun[69],	Perkataan Raden Adipati dan semua para *nayaka,* “Memang betul perkataan kolonel, sudah pasti bila (terdapat) banyak halangannya.”
156.	Sri nalendra mapan dhahar aturipun, ingkang pra niyaka sami, nulya angandika iku, wus kurnel pikirěn iki, endi kang prayoga mangko,	Paduka Raja menerima ucapan (dari) para *nayaka* semua, lalu berbicara seperti ini, “Sudah kolonel, pikirkan apa yang terbaik.”
157.	Riwusira kurnel mapan pamit mundur, lan mayor sakancaneki, sontěn sowan malih iku, mapan kalawan angirid, ingkang dereng sowan iku[70],	Setelah itu kolonel pamit pulang dengan mayor (dan) prajuritnya. Pada waktu sore akan berkunjung lagi dengan mengajak yang belum berkunjung
158.	Awit kěměndhan sapanginggil pan sadarum[71], kang sinuhun kinen prapti, dadya kurnel sowanipun, ajěg sadintěn ping kalih, datan kantun lawan mayor,	dari komandan hingga petinggi semua oleh Sinuhun disuruh datang sehingga kolonel berkunjung secara teratur sehari dua kali, tidak lupa bersama mayor.
159.	Walang ati pan sampun tan wontěn iku, ajidan tenis karsa ji, pinundhut mring kurnel iku, ajaga ngarsa nrěpati, sabarang karsa sang katong,	Khawatir apabila sudah tidak ada Ajudan Tenis, Paduka berkeinginan (agar Tenis) diambil dari kolonel untuk menjaga Paduka (juga) semua keinginan Paduka,
160.	Lawan basah sabarang kakiranganipun, ajidan ingkang nindhihi, sěbarang parentah iku, měngkana wus tan winarni, (**h.298**) enjing kurnel sohan mangko,	bersama basah. Semua kekurangannya ajudanlah yang melaksanakan semua perintah itu, Demikian sudah tidak diceritakan. Pagi hari kolonel berkunjung

[68] Seharusnya berakhiran -o
[69] Seharusnya berakhiran -o
[70] Seharusnya berakhiran -o
[71] Lebih satu suku kata

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
161.	Lawan mayor mĕngkana ingaturipun, wau dalu sri bupati, kawula nampani iku, lapuranipun anenggih, kumĕndhan malihan sang katong,	bersama mayor, demikian ucapannya, “Paduka, tadi malam saya menerima laporan bahwa komandan (ingin) bekerjasama dengan Paduka.
162.	Kĕdhatĕngan pan nĕnggih kengkenanipun, basah prawiradirjeki, pan kaji kalih puniku, lan satunggal kang ngulami, kaji isa wĕstanipun[72],	(Saya) kedatangan utusannya, (yaitu) Basah Prawiradirja, kedua haji itu, bersama seorang satu ulama. Haji Isa namanya,
163.	Kaji raji ngulami barmawi iku, bĕkta jendral sĕratneki, sang nata ngandika iku, heh kurnel tuturireki, jendral dĕ kok lunga mangko,	Haji Raji, (dan) Ulama Barmawi membawa surat dari jenderal. Paduka berkata, “Hei Kolonel, katamu Jenderal De Cock pergi
164.	Mring bĕtawi kurnel mĕngkana turipun, mapan tamtu kesahneki, kawula ngĕntosi tuhu, uninga duk angkatneki, mapan kasĕrat puniku[73], pdf h156	ke Betawi.” Begini jawaban kolonel, “Sudah tentu perginya. Saya sungguh menanti pemberitahuan keberangkatannya dalam surat
165.	Dugi kula sampun mĕling wahonipun, inggih dhatĕng kurnel kokis, sabab sĕrat kang rumuhun, Paduka dereng mangsuli, sang nata malih tanya lon,	yang datang itu. Saya sudah mengingatkan (dan) menegur pada Kolonel Kokis. Sebab pada surat yang kemarin, Paduka belum membalasnya.” Paduka raja ganti bertanya (dengan) pelan,
166.	Layang apa kurnel pan duganireku, kurnel mĕngkana turneki, pan mangsa sanes satuhu, nĕnggih (**h.299**) lawan kang rumiyin, samya bĕdhami puniku,	“Surat apa kolonel, yang menjadi dugaanmu?” Begini jawaban kolonel, “Pada waktu yang lain dengan yang dulu ketika berdamai,
167.	Paduka ji winĕstan maksih neng gunung, pan dereng uninga yĕkti, yen sampun tĕdhak pukulun, mesĕm nata ngandika ris, heh kurnel pan karsaningong,	Paduka Raja dikira masih di gunung belum mengetahui jika hamba sudah turun.” Paduka tersenyum sambil berkata lembut, “Hai kolonel, keinginanku
168.	Lamun tĕka pan layange jendral iku, aja katurake mring mami, sabab pan wus kasep iku, wus tampanen pribadi, lawan sun tan sudi anon,	kalau datang surat dari jenderal jangan berikan padaku, sebab sudah terlambat sudah terimalah sendiri dan aku tidak sudi melihat.

[72] Seharusnya berakhiran -o
[73] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
169.	Iya marang kang padha kinongkon iku, kurnel sandika turneki, měngkana wus luwar iku, sontěn kurnel sowan malih, tan kantun lan mayoripun[74],	Iya pada mereka yang diutus itu.” Kolonel menjawab, “Siap.” Demikian sudah selesai, sore hari kolonel berkunjung lagi tidak tertinggal mayornya.
170.	Kurnel matur dhumatěng ingkang sinuhun, měngkana pan aturneki, kawula yun nrěrang tuhu, Paduka punapa měksih, rěměn pasanggrahan katong,	Kolonel berbicara pada Sinuhun demikian perkataannya, “Saya sungguh ingin kejelasan, Paduka. Apakah masih menyukai pesanggrahan Paduka
171.	Wontěn ngriki kějawan kang sinuhun, měngkana ngandika aris, heh kurnel apa rěmbugmu, kalamun prayoga iki, iya lawan karsaningong,	yang berada di Kejawan?” Sinuhun berkata lembut, “Eh kolonel apa pendapatmu, ataukah ini baik (sesuai) dengan keinginanku?”
172.	Sun turuti měngkana kurnel turipun, ingkang kěpanggih dewa ji, raosing manah pukulun, (**h.300**) Paduka mapan prayogi, ngrumiyinan mring kědhu[75],	“Saya turuti.” Begitu jawaban kolonel “Yang saya jumpai, Yang Mulia, (menurut) firasat hati hamba, lebih baik Paduka lebih dulu menuju Kedu
173.	Mupung jendral pan dereng dhatěng puniku, pan dugi kawula dewa ji, datan ngantos siyam tuhu, jendral pěsthi nuntěn prapti, sabab kawula pan sampun[76],	mumpung jenderal belum sampai. Dugaan saya tidak sampai bulan puasa jenderal pasti segera datang. Sebab saya sudah
174.	Anusuli sěrat yen Paduka estu, pan arsa panggih pribadi, mila dugi nuntěn wangsul, puniku yen saupami, karsa dalěm botěn dados,	menyusulkan surat, jika Paduka sungguh ingin bertemu secara pribadi maka akan segera datang (adapun) itu jika seupama keinginan Paduka tidak jadi,
175.	Paduka ji kawula aturi wangsul, inggih mring pagělen malih, sanadyan dados satuhu, pan tanglěd sami wělandi, kawula pan ěmah katong,	Paduka saya harap kembali ke Bagelen lagi. Walaupun jadi, mohon bertanya pada Belanda, (tentang) saya hingga Paduka.
176.	Nging panuhun kawula mapan satuhu, panjěněngan dalěm ugi, mapan sampun ngantos iku, kagěpok mring lěpat neki,	Sungguh permohonan saya (pada) Paduka, jangan sampai bertemu dengan masalah

[74] Seharusnya berakhiran -o
[75] Seharusnya berakhiran -o
[76] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	lan daměl prěkawis mangko,	dan membuat perkara
177.	Amiwiti kalamun cidra sinuhun, pan mangsa wandeya panggih, mring awak pribadenipun, měngkana sri narapati, sarěng mirsa aturipun[77],	pada permulaan jika (menemui) ketidaksetiaan, Sinuhun. Pasti akan bertemu dengan dirinya." Demikian Raja setelah mendengar perkataan
178.	Kurnel Klerěs lawan mayor Bokus iku, ingkang tya-(**h.301**)s nata pan gampil, kadya wus karsa hyang agung, nanging sumendhe mring těkdir, esmu wirang jěng sang katong,	Kolonel Clerens dan Mayor Bokus, hatinya Raja tergores seperti sudah kehendaknya Hyang Agung tetapi bersandar pada takdir. Seperti malu Paduka Raja
179.	Lamun ngantos sumingkir duduman iku, iya wong aneng dunyaki, měngkana ingkang sinuhun, mapan nulya ngandika ris, heh kurnel aturireku[78],	seandainya sampai tersingkir (dari) pembagian (pada) tiap manusia yang ada di dunia ini. Demikian Sinuhun lalu berkata lembut "Eh Kolonel perkataanmu
180.	Sun turuti nanging mětu ngendi ingsun, bab ing kali rěca iki mapan sireku wus matur, lamun bangět susahneki, dalan maring kědhu mangko,	aku turuti. Tapi aku lewat mana? Perihal sungai Reca ini kau sudah katakan tapi amat susah jalan menuju Kedu nantinya.
181.	Lamun sěka kene wus tan kěna ingsun, kajaba ing lědhok iki, lawan bali mring měntarum, kalawan ing kědhu ngěndi, karěpira kang jinujog,	Kalau dari sini, aku tidak sanggup kecuali (lewat) Ledhok dan pulang melewati Mataram dan Kedu. Di mana menurutmu (jalan) yang harus dilewati?"
182.	Kurnel Klerěs měngkana pan aturipun, ing měnoreh yen marěngi, lawan kang arsa sinuhun, sabab botěn susah mawi, sadaya sampun mirantos,	Demikian ucap Kolonel Clerens, "Di Menoreh jika diperkenankan dan (sesuai) keinginan Sinuhun. Sebab tidak sulit dan semua sudah tersedia."
183.	Sri nalendra měngkana timbalanipun, heh kurnel ya wus miranti, mapan sabarange iku, nanging ingsun ora kěni, sabab i-(**h.302**)-ku nganggo mětu[79],	Jawaban Paduka Raja seperti ini, "Eh kolonel jika sudah tersedia semua perlengkapannya, tetapi aku tidak bisa (berangkat) sebab harus melewati
184.	Balabudhur mapan lawan kali kabu, kalawan anyabrang kali, iya bagawanta iku, sun kawětokake ngěndi,	Barabudur dan sungai Babu dengan menyeberangi sungai yaitu (sungai) Bagawanta. Aku akan dilewatkan mana?

[77] Seharusnya berakhiran -o
[78] Seharusnya berakhiran -o
[79] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	pan tělu tan kěna ingong,	(jika melewati) tiga (jalur) itu aku tidak bisa.”
185.	Kurnel Klerěs měngkana pan aturipun, sinuhun bilih marěngi, pan miyos cacaban iku, ing ngriki kawula turi, mapan miyos urut sewu[80],	Kolonel Clerens mengatakan, “Sinuhun, bila berkenan melewati Cacaban, di sini saya sarankan melewati Urutsewu
186.	Mapan nyabrang sinuhun ing kadilangu, kangjěng sultan ngandika ris, kurnel dadi muběng iku, susah kaprajurit iki, sarupane dharat iku[81],	lalu Sinuhun menyebrang di Kadilangu.” Kanjeng Sultan berkata lembut, “Kolonel, jadi memutar (akan) menyusahkan prajurit semua (yang) berjalan kaki itu.”
187.	Kurnel matur dilěm kang dharat sagung, mapan kajěngipun sami, mědal ing ngriki sědarum, ingkang kědhung Maesa aji, pan inggih lěrěs kěmawon,	Kolonel menjawab, “Malam hari prajurit yang berjalan kaki semua hendaknya lewat sini saja, Kedung Maesa Aji sebab tinggal lurus saja.
188.	Kajěngipun sarěng lan plangkir sadarum, dene Paduka nrěpati, kawula pribadi iku, ingkang dherekkěn dewa ji, kalawan husar puniku[82],	Supaya bersama dengan plangkir semua. Sementara Paduka Raja, saya sendiri yang akan mendampingi Paduka bersama prajurit husar.”
189.	Sri nalendra ngandika heh kurnel ingsun, sesuk mangkat karsa mami, apa kaduga sireku, (**h.303**) ingsun mundhut mring sireki, iya jaran pitung puluh[83],	Paduka Raja berkata, “Eh kolonel, aku besok berangkat. (Tentang) keinginanku, apakah bisa kau wujudkan? aku akan meminta darimu tujuh puluh ekor kuda.
190.	Den suměkta těkakna měngko běngi iku, pukul wolu angkat mami, sira praptaha den esuk, sandika kurnel turneki, nulya nantun mring mayor,	Segera siapkan (dan) datangkan malam ini. Aku akan berangkat pukul delapan, datanglah kau besok.” Kolonel menjawab, “Siap.” (Kolonel) Lalu meminta pertimbangan pada mayor,
191.	Heh ta mayor apa kaduga sireku, ing pamundhut dalěm iki, iya jaran pitung puluh, mayor sandika turneki, ngandika malih sang katong,	“Eh mayor, apakah engkau mampu? (Bagaimana jika) permintaan Paduka ini tujuh puluh ekor kuda.” mayor menjawab, “Siap” Paduka Raja kembali berkata,

[80] Seharusnya berakhiran -o
[81] Seharusnya berakhiran -o
[82] Seharusnya berakhiran -o
[83] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
192.	Heh ta kurnel sun parentah mring sireku, mapan sa pagělen iki, wus sun gawe krěta iku, tanah jawa sarupaning, pan wus leren prěrang mangko,	"Eh kolonel, aku memberi perintah padamu seluruh Bagelen ini akan aku bangun (jalur) kereta (dan juga) tanah jawa seluruhnya jika nanti perang telah usai."
193.	Heh ta basah měrtanagara lan iku, basah gandakusumeki, prajurit dhangana sagung, mapan wus tan sun lilani, iya lamun prěrang iku[84],	"Hei Basah Mertanegara dan Basah Gandakusuma, bebaskan semua prajurit (dari tugas) (sebab) aku sudah tidak mengizinkan jika terlibat peperangan."
194.	Basah kalih samya sandika turipun, ngandika malih nrěpati, heh kurnel parentah ingsun, iku poma mring sireki, dhawuhan mring sireku[85]	Kedua basah menjawab, "Siap." Paduka kembali berkata, "Eh kolonel, perintahku itu perintah yang penting untukmu, perintahkan juga pada mereka
195.	Ingkang padha tunggu beteng ka-(**h.304**)-beh iku, iya sarupane iki, nak rabi prajurit sagung, ingkang padha dherek mami, padha den rěksaa iku[86],	semua yang menjaga benteng (dan) seluruh keluarga prajurit yang mengikuti aku rawatlah mereka.
196.	Den karěksa aja kongsi kurang iku, kang pinangan kabeh iki, děrapon ja rongeh iku, olehe dhědherek mami, lan maning parentah ingong,	Rawatlah jangan sampai kekurangan semua yang dimakan, supaya tenang olehnya mengabdi padaku. Dan perintahku lagi,
197.	Lamun ana prajurit ing gawe rusuh, iya ing sawuri mami, den enggal cěkělěn iku, nuli pasrahěna maring, basah měrtanagareku[87],	apabila ada prajurit yang berbuat rusuh di belakangku segera tangkap lalu serahkan pada Basah Mertanegara
198.	Apa maning lamun kancanira rusuh, basah gya tutura maring, ing kurnel kalih puniku, samya sandika turneki, kurnel parentah mring mayor,	Apalagi kalau temanmu sendiri yang rusuh, Basah, segera laporkan pada kolonel." Keduanya menjawab, "Siap." Kolonel memerintahkan pada mayor
199.	Heh ta sira wěruh dhewe iku, timbalane sri bupati, buri sira kang katěmpuh,	"Kamu mendengar sendiri perintah Paduka Raja. Kelak, engkau yang bertanggungjawab

[84] Seharusnya berakhiran -o
[85] Seharusnya berakhiran -o
[86] Seharusnya berakhiran -o
[87] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
	sěbarang karsa nrěpati, sabab bakal dherek ingong,	apapun, kehendak Raja, sebab akan aku ikuti.”
200.	Mayor Bokus sandika pan aturipun, sang nata ngandika malih, kurnel praptaa (**h.305**) den esuk, kurnel sandika turneki, anulya luwar sang katong,	Mayor Bokus menjawab, “Siap.” Paduka Raja kembali berkata, “Kolonel datanglah besok pagi.” Kolonel menjawab, “Siap.” Selanjutnya Paduka Raja keluar.
201.	Wěktu iku kurnel Klerěs puniku, pan anglir ingkang pěpatih, mring kangjěng sultan satuhu, sěbarang karsa nrěpati, kurnel kang nadhahi mangko,	Saat itu Kolonel Klerens (sudah) seperti patih. Terhadap Kanjeng Sultan segenap keinginan Paduka kolonel yang menampung
202.	Ingkang jawi lěbět Raden Basah iku, měngkana raden dipati, lan basah dul latip iku, mapan kadya magang kalih, angering mring kurnel iku[88],	(baik) yang di luar maupun di dalam. Raden Basah demikian juga Raden Adipati dan Basah Abdul Latif seperti *magang* dan mendampingi kolonel.
203.	Ingaturkěn sang nata tan karsa iku, myang sagung ingkang bupati, sadaya kang tumut wangsul, měngkana wus tan winarni, ing dalu pan winiraos,	(Hal itu) dilaporkan pada Paduka Raja. (Namun Raja) tidak menginginkan hal tersebut dan seluruh bupati semua yang ikut kembali. Demikian sudah tidak diceritakan. Tersebutlah pada waktu malam,
204.	Kapal pitung dasa mapan prapta sampun, malah mayor anyaosi, dados jangkěpipun satus, ajidan tenis anuli, lapur mring den basah mangko,	tujuh puluh (ekor) kuda sudah datang malah mayor memberikan (tambahan) menjadi genap seratus (ekor). Ajudan Tenis lalu segera melapor pada Raden Basah,
205.	Lawan kurnel nyaosi pasangon iku, mring sagung ingkang prajurit, ajidan tenis puniku, mapan jaga siyang latri, neng ngarsane basah iku[89],	dan kolonel (sedang) memberikan bekal pada semua prajurit. Ajudan Tenis berjaga siang dan malam di depan (para) basah
206.	Mapan lajěng (**h.306**) dinum kapal lan arteku, pitung atus kathahneki, sarěng enjing kurnel iku, sowan lan raden dipati, ngabdul latip datan kantun[90],	lalu kuda dan uangnya dibagi tujuh ratus banyaknya. Setelah keesokan hari kolonel menghadap bersama Raden Adipati (juga) Abdul Latif tidak ketingalan.

[88] Seharusnya berakhiran -o
[89] Seharusnya berakhiran -o

[90] Seharusnya berakhiran -o

No.	Alih. Aksara	Terjemah.an
207.	Kurnel matur yen Paduka sampun rawuh, sinuhun měnoreh benjing, lamun jendral dhatěng sampun kajěngipun měthuk benjing, dhumatěng měnoreh katong	Kolonel mengatakan bahwa Paduka sudah datang. Sinuhun (berada di) Menoreh keesokan hari, jika jenderal sudah datang keinginannya (sinuhun), agar besok (jenderal) menjemput Raja di Menoreh.
208.	Lan Paduka yen panggih lan jendral sampun, sampun ngandika pribadi, sabarang karsa pukulun, kawula ingkang nyagahi, sagung kang wicantěn mangko,	dan Paduka jika bertemu jenderal jangan berbicara sendiri, semua keinginan Paduka saya yang akan menyukupi (dan) semua yang dibicarakan
209.	Lawan jendral kangjěng sultan ngandika rum, ya kurnel tarima mami, kalawan sira apa wus, karya pěssanggrahan iki, palerenan nginep iku[91],	dengan jenderal.” Sultan berkata lembut, “Iya kolonel aku terima, dan apakah kamu sudah membuatkan pesanggrahan untuk beristirahat dan menginap?”
210.	Kurnel matur mapan sampun wau dalu, utusan kawula aji, karya pěsanggrahan sagung, ingkang kamrěgen nrěpati, kurnel nulya muwus alon,	Kolonel menjawab, “Tadi malam sudah ada utusan saya, Raja. Membangun pesanggarahan yang *kamregen* Paduka.” Lalu kolonel berkata pelan
211.	Mring den basah sintěn ingkang ngirid iku, mring prajurit dharat sami, Raden Basah aněbda rum, (**h.307**) tuměnggung saradirjeki, lan rangga bapang puniku[92],	pada Raden Basah, “Siapa yang memimpin prajurit darat?” Raden Basah menjawab pelan, “(Dialah) Tumenggung Saradirja dan Rangga Bapang
212.	Něnggih gamawijaya kurnel ris muwus, sae sampeyan timbale, ajěngipun těpang iku, sěbarang kalih pun tenis, pan punika kandhinipun,	dan juga Gamawijaya.” Kolonel berkata pelan, “Lebih baik anda yang menjalankan sebab anda sudah kenal semua, begitupun dengan Tenis.” Begitulah wadahnya(?)

[91] Seharusnya berakhiran -o
[92] Seharusnya berakhiran -o